**दिन–शनिवार** **दिनांक–08.11.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि – 05 मिनट

---

विधानसभा चुनावक दोसर चरणक लेल प्रचार चरम पर पहुंचि गेल अछि। मतदाता लोकनि के अपन पक्ष मे करबाक लेल राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन आ महागठबंधनक स्टार प्रचारक आ वरिष्ठ नेता लोकनि विभिन्न निर्वाचन क्षेत्र सभ मे जनसभा आ रैली कऽ रहल छथि। दोसर चरणक चुनाव प्रचार काल्हि सांझ समाप्त भऽ जायत। एहि चरण मे एगारह नवम्बर के बीस जिलाक एक सय बाईस विधानसभा सीट सभ पर मतदान होयत।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आई सीतामढ़ी आ चनपटिया मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। चनपटिया मे प्रधानमंत्री के अंतिम चुनावी सभा छल। श्री मोदी कहलनि जे बिहार जंगलराजक ओहि दौर के देखलक अछि जतऽ कोनो व्यक्ति सुरक्षित नहि छल। प्रधानमंत्री कहलनि जे बिहारक लोक जंगलराज के फेर सँ नहि आबऽ देबऽ चारैत छथि। ओ कहलनि जे बिहार विकसित भारतकएक नव उदाहरण बनिकऽ सोझा आबि रहल अछि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केंद्रीय गृहमंत्री अमित शाह सुपौल, पूर्णियां आ कटिहार जिलाक फराक–फराक विधानसभा क्षेत्र मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। ओ कहलनि जे बिहारक लोक पहिल चरणक मतदान मे एनडीए के प्रचंड बहुमत सँ जितेबाक लेल आधार राखि देलनि अछि। श्री शाह लोकसभ सँ विकासक लेल एनडीए उम्मीदवार लोकनिक पक्ष मे मतदान करबाक अपील कयलनि। ओतहि, भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केंद्रीय रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह कैमूर आ रोहतास जिलाक फराक–फराक विधानसभा क्षेत्र मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री सिंह महागठबंधनक हरेक घर सँ एक गोटे के सरकारी नोकरी देबाक वादा के झूठ जनौलनि अछि। ओ कहलनि जे ई कखनो संभव नहि भऽ सकैत अछि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कांग्रेस आ राजद पर बिहारक विकास बाधित करबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि जे पछिला बीस

वर्ष मे एनडीए आ नीतीश कुमारक नेतृत्व मे सुशासन के नींव सुदृढ़ भेल अछि। जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार औरंगाबादक रफीगंज मे आ गयाजी के ईमामगंज सहित कतेको आन विधानसभा क्षेत्र मे एनडीए उम्मीदवार लोकनिक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री कुमार कहलनि जे विकसित बिहारक संकल्प तखनहि पूरा होयत, जखन एनडीए पुनः सत्ता मे आओत।

———————————————————————————

लोक जनशक्ति पार्टी, रामविलासक अध्यक्ष आ केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान नवादा आ रोहतासक जक्की बिगहा मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। ओ लोकसभ सँ एनडीए सरकारक पक्ष मे मतदान करबाक अपील कयलनि। राष्ट्रीय लोक मोर्चा के प्रमुख उपेन्द्र कुशवाहा सासाराम विधानसभा क्षेत्रक धर्मशाला मे एनडीए प्रत्याशी के समर्थन मे जनसंपर्क कयलनि। ओतहि, भाजपा नेत्री मैथिली ठाकुर मधुबनी मे राष्ट्रीय लोक मोर्चा प्रत्याशी माधव आनंद के समर्थन मे रोड–शो कयलनि।

———————————————————————————

एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आई झाझा आ नवादा मे चुनावी सभा के संबोधित करैत कहलनि जे बिहारक लोकसभ एहि बेर सत्ता परिवर्तन के मोन बना लेलनि अछि। ओ कहलनि जे महागठबंधनक सरकार बनला पर घोषणा पत्र मे कयल गेल सभ वादा के धरातल पर उतारल जायत। कांग्रेसक महासचिव प्रियंका गांधी कटिहार के कदवा आ पूर्णियां मे चुनावी सभा के संबोधित करैत कहलनि जे राज्य मे भ्रष्टाचार आ अपराध चरम पर अछि। माफिया के समानांतर सरकार चलि रहल अछि। ओ लोकसभ सँ सत्ता परिवर्तनक लेल मतदान करबाक अपील कयलनि। एम्हर, वाम दल, बहुजन समाज पार्टी आ जनसुराज सहित विभिन्न राजनीतिक दलक नेता लोकनि अपन–अपन प्रत्याशी लोकनिक समर्थन मे लगातार चुनावी सभा कऽ रहल छथि।

———————————————————————————

निर्वाचन आयोग समस्तीपुरक सरायरंजन विधानसभा क्षेत्रक के.एस.आर. कॉलेजक लऽग सड़क कात मे वीवीपैट पर्ची भेटबाक मामिला मे जांचक आदेश देलक अछि। मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार सरायरंजनक एआरओ के तत्काल प्रभाव सँ निलंबित करैत हुनक विरूद्ध प्राथमिकी दर्ज करबाक आदेश देलनि अछि। संगहि, ओ दोषी कर्मी लोकनिक विरूद्ध सेहो एफआईआर दर्ज करेबाक आदेश देलनि। एहि मध्य, समस्तीपुरक जिला निर्वाचन पदाधिकारी सह–जिलाधिकारी रौशन कुशवाहा आ पुलिस अधीक्षक अरविन्द प्रताप सिंह मौका पर पहुंचिकऽ मामिलाक जांच कयलनि। जिलाधिकारी रौशन कुशवाहा कहलनि जे ई पर्ची

मॉकपोल के अछि। ओ कहलनि जे ई लापरवाहीक एक मामिला अछि आ जे कियो दोषी पाओल जयताह हुनक विरूद्ध कड़गर कार्रवाई कयल जायत।

———————————————————————————

पछुआ हवा के प्रभाव सँ प्रदेशक उच्चतम आ न्यूनतम तापमान मे कमी दर्ज कयल गेल अछि। भोर आ सांझक समय ठंडा के प्रभाव बढ़ि जायत अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार बेसी ठामक न्यूनतम तापमान बीस डिग्री सेल्सियस के नीचाँ दर्ज कयल गेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे दू सँ तीन दिन धरि उच्चतम आ न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफ. एम. रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।